

APÈL AVÈK ODIANS



NIVO 1

FÈ APÈL YON REZOLISYON INISYAL

Ou pral jwenn enfòmasyon enpòtan konsènan dwa w yo selon Lwa Sekirite Travay la. Bwochi sa eksplike pwosesis pou fè apèl yon rezolisyon inisyale konsènan kalifikasyon avèk elijiblite pou resevwa alokasyon asirans chomaj. Odyans avèk apèl ki pi ba yo ap dirije pa Jij Apèl yo nan Depatman Komès Kawolin Dinò, Seksyon Apèl Divizyon Sekirite Travay la.

Odyans yo enkli ansyen anplwaye DES yo, elijiblite monetè pou alokasyon UI yo, relasyon legal ant yon demandè avèk yon anplwayè, oswa sitiyasyon sitiyasyon rèponsablite fiskal yon anplwayè, ap Mennen pa Depatman Komès Kawolin Dinò a, Apwobasyon Konsèy Administrasyon an.

Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013, demandè yo fè sijè pou ranbouse oswa peye anplis alokasyon ki soti de nenpòt desizyon ki ranvèse aprè pandan apèl la. N.C. Gen. Stat. § 96-18

Abityèlman odyans lan se sèl chans ou genyen pou bay tout enfòmasyon sou ka ki te aple a. Pou plis Repons sou "Kesyon ki Souvan Poze" (Frequently Asked Questions, FAQs) konsènan apèl, vizite sitwèb DES la nan www.des.nc.gov.

Ou kapab jwenn yon kopi de bwochi sa a an espagnol nan biwo Depatman Komès la, Divizyon Sekirite Travay Kawolin Dinò a.

Kote epi kòman mwen kapab depoze yon apèl?

Rezolisyon yo fèt nan diferan inite travay DES yo, selon sijè a, chak rezolisyon genyen enstriksyon sou kòman depoze yon apèl. Ou dwe depoze apèl ou an nan adrès ki founi avèk rezolisyon an epi selon enstriksyon ki enkli nan rezolisyon an.

Apati de ki dat apèl mwen an dwe depoze?

Rezolisyon an pral di w dat limit lan pou fè depozisyon apèl ou an. Dat ki mansyone nan dokiman w ap fè apèl la kontwòle dat limit ou an. Si dat limit lan tonbe nan yon wikenn oswa pandan yon jou ferye deta, peryòd apèl la ap fini sou jou ouvrab ki swivi a.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen fè apèl yon rezolisyon ki pa an favè mwen?

DES pa ka di w kisa pou w di nan apèl ou an. Tout fwa, apèl ou an dwe ekri. Pa genyen yon fòm espesyal pou fè depozisyon yon apèl. Ou dwe deklare dezi w epi eksplike motif ki fè ou pa dakò avèk rezolisyon an. Enkli dosye a oswa nimewo idantifikasyon sijè w ap fè apèl li a, nimewo idantifikasyon demandè a, non demandè avèk anplwayè a, non moun k ap depoze apèl la, pozisyon administratif moun k ap depoze apèl la nan non pati a, avèk yon nimewo telefòn.

Kisa ki rive lè mwen depoze yon apèl apati de yon rezolisyon inisyale?

DES pral pwograme yon odyans sou apèl ou an. Yon avi odyans genyen enfòmasyon tankou dat, lè, enfòmasyon kontak pou jij apèl ki dezinye a, epi w ap resevwa sijè ki pral diskite a.

Èske mwen rekòmande pou m gen yon reprezantasyon legal nan yon odyans administratif?

Ou kapab, men ou pa rekòmande pou w genyen yon reprezantan legal nan yon odyans administratif. Demandè yo oswa anplwaye yo kapab fè depozisyon pwòp apèl yo epi reprezante tèt yo pandan tout pwosesis administratif apèl la, oswa genyen yon reprezantan legal ki reprezante yo. Ou dwe jwenn reprezantan legal yo anvan odyans lan.

Kiyès ki ka yon reprezantan legal?

Yon reprezantan legal dwe yon avoka ki lisansye, oswa yon moun k ap sipèvize pa yon avoka lisansye nan N.C. Gen. Stat. § 96-17(b).

Ki kote mwen kapab jwenn yon avoka?

Ou kapab rele sèvis Asosiyasyon Referans Bawo Avoka Kawolin Dinò a nan (800) 662-7660, Éd legal Kawolin Dinò a gratis nan (866) 219-5262, oswa veri-

fye repètwa telefòn lokal ou an.

Èske mwen dwe di DES mwen gen yon reprezantan lalwa?

Wi. Avi oswa sètifikasyon de yon reprezantan dwe ekri epi remèt bay Jij Apèl la pou fè pati dosye ofisyèl odyans lan.

Antanke yon demandè, kisa mwen dwe fè si adrès lapòs oswa adrès imel mwen an te chanje?

Jeneralman DES voye tout korèspondans nan dènye adrès ou an ki anrejistre a. Ou dwe ekri DES pou enfòmè l nan 7 jou aprè dat aplikab la de tout chanjman adrès. Ou dwe voye enfòmasyon nouvo adrès ou an nan Sant Dapèl Sèvis Kliyantèl la, Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611; faks (919) 250-4315, oswa yon imel bay des.us.customerservice@nccommerce.com. Ou kapab mete ajou tou adrès ou an nan SCUBI. " Dènye adrès yo konnen an" vle di adrès ki pi resan ou te bay DES la. DES mete adrès yo ajou nan rejis li yo avèk done ki soti nan Sèvis Lapòs Etazini an (United States Postal Service, USPS), Baz Done Chanjman Nasyonal Adrès la (National Change of Address, NCOA). Si dènye adrès yo konnen nan rejis DES la mache avèk non yon moun k ap peye taks avèk premye adrès postal la nan baz done NCOA a, nouvo adrès nan baz done NCOA a se dènye adrès yo konnen. Si ou chwazi pou resevwa kominikasyon de DES pa transmasyon elektwonik, ou rèsponsab pou w founi epi mentni yon Adrès imel ki kouran, epi valid nan DES. Si ou gen yon apèl ki an kou, Silvouplè avèti Seksyon k ap jere apèl ou an.

Antanke yon anplwayè, kisa mwen ta dwe fè si adrès oswa adrès imel mwen an te chanje?

Ou dwe ekri DES pou avèti l nan yon delè 7 jou aprè dat aplikab chanjman adrès la. Anplwayè yo dwe voye enfòmasyon sou chanjman nan adrès bay Seksyon administrasyon enpo a, Post Office Box 26504, Raleigh, North Carolina, 27611; fakse bay (919) 715-7194; oswa voye yon imel bay des.tax.customerservice@nccommerce.com. Si ou genyen yon apèl ki an kou, Silvouplè avèti Seksyon k ap jere apèl ou an.

Kisa mwe ta dwe fè si yon moun di m fè depozisyon yon apèl nan yon fason diferan de enfòmasyon mwen resevwa nan rezolisyon an?

Ou rèsponsab pou w swiv enskripsyon ki founi avèk rezolisyon w lan.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa dokiman de DES ki sanble an konfli avèk yonn lòt?

Li chak dokiman avèk swen, epi kontakte DES touswit. Nimewo kontak DES yo pral founi avèk dokiman yo, oswa ou kapab rele nimewo prensipal ki mansyone sou pano 8 bwochi sa a, depandaman de menm si ou se yon demandè oswa yon anplwayè. Pote dokiman yo avèk ou pou w kapab montre oswa dekri yo bay yon reprezantan. Pa panse dokiman ki pi resan anile enfòmasyon ki genyen nan yon korèspondans presedan. Kenbe nòt kontak ou an avèk DES.

Si avi mwen an di odyans lan pral fèt pa Konferans telefonik, kòman mwen ka fè yon odyans an pèsòn?

Ou kapab fè demann yon odyans an pèsòn lè depozisyon apèl la fèt, oswa pa depozisyon yon demann ekri avèk Jij Apèl ki mansyone nan avi odyans ou an. Odyans an pèsòn yo fèt nan Divizyon solisyon Travay la, (Division of Workforce Solutions, DWS) oswa biwo travay piblik yo nan tout eta a.

Kisa ki pral rive nan odyans lan?

Jij Apèl la pral prezide odyans lan, idantifye chak moun ki prezan, epi eksplike objèktif odyans lan. Anplis de poze kesyon, Jij Apèl la pral idantifye tou epi admèt prèv yo, avèk règ sou mosyon avèk objeksyon. Ou menm avèk temwen ou yo pral jwenn pèmasyon pou temwanye, prezante prèv, epi poze kesyon sou tout temwanyaj oswa prèv ki prezante pa lòt pati a.

Si mwen pa kapab parèt nan odyans lan jan li pwograme a, Èske mwen ka chanje dat avèk/oswa lè a?

Petèt. Pou repwograme yon odyans, ou dwe kontakte Jij Apèl la epi bay rezon espesifik yo pou demann lan. Ou dwe montre yon rezon ki legalman sifizan ki fè ou vle repwograme odyans lan. Asire ou prepare pou founi dokimantasyon pou sipòte motif ou yo. Demann lan pral swa aksèpte oswa refize. Kèk rezon ki fè Jij Apèl la kapab aksèpte yon demann pou repwograme yon odyans enkli yon maladi pati a, lanmò yon fanmi pwòch, bezwen yon tradiktè, jiri, avèk sèvis militè aktif. Si pa genyen repons pou demann ou an avèk dat odyans lan, ou ta dwe prepare w pou avanse avèk odyans lan.

Kisa ki pral rive si mwen pa prezante nan odyans lan?

Si w fè apèl rezolisyon an, apèl ou an kapab ranwaye. Si ou pa pati ki fè apèl la, epi ou pa prezante, odyans lan ap fèt san ou. Jij Apèl la pral pran yon desizyon ki baze sou prèv lòt pati k ap asiste a te bay. Ou ta dwe asiste odyans lan menm si rezolisyon an pa te an favè w.

Kisa mwen ta dwe fè pou prepare m pou odyans lan?

Li avi odyans lan avèk swen. Li tout dokiman ki te vini avèk avi odyans lan. Sa pral ede w deside ki temwen ki ta dwe temwanye nan odyans lan. Reyini tout dokiman, anrejistremant, avèk lòt prèv ki sipòte ka ou a. Si odyans lan pral fèt pa telefòn, ou dwe founi kopi prèv ou yo bay Jij Apèl la epi bay chak pati anvan dat odyans lan. Pou odyans an pèsòn yo, fè ase kopi pou bay chak pati yo avèk Jij Apèl la. Si ou pa founi ase kopi pou bay lòt pati a avèk Jij Apèl la, Jij apèl la kapab pa pran prèv yo an konsiderasyon lè w ap pran desizyon nan ka a. Chwazi temwen ou yo epi fè dispozisyon pou yo kapab disponib pou odyans lan. Pou odyans pa telefòn, bay non temwen ou yo avèk nimewo telefòn yo pandan w ap kontakte Jij Apèl la, oswa pandan w ap ranpli epi retounen Kesyonè Odyans pa Telefòn nan ki te vini avèk avi odyans ou an.

Ki prèv mwen ta dwe prezante nan odyans lan?

Temwen okilè avèk temwanyaj premye men yo toujou pi bon prèv. Temwanyaj premye men enkli moun ki te pran odè pa yo menm, santi, wè, oswa tande sa ki te di oswa fèt. Si genyen yon anrejistremant de yon konpòtman ki baze sou fè, anrejistremant an se pi bon prèv, men se pa temwanyaj yon temwen sou sa li te wè oswa tande sou yon anrejistremant ki pa prezante kòm prèv. Si gen yon afimasyon kote yon pati te siyen dokiman oswa soumèt yon bagay ekri ou kwè ki enpòtan pou ka a, ou kapab soumèt prèv sa a, men ou dwe founi yon kopi dokiman yo bay Jij Apèl la epi avèk lòt pati a.

Si mwen mande yon temwen pou temwanye volontèman nan yon odyans, oswa pou founi dokiman oswa anrejistremant ki pètinan pou ka mwen an, epi temwen yo refize, kòman temwen yo kapab fè pou aksèpte?

Ou ta dwe kontakte Jij Apèl la ki mansyone nan avi odyans ou an epi mande pou yon sitasyon kapab emèt pou temwen an avèk/oswa lòt prèv. Demann-sitasyon yo kapab ekri epi dwe konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0401.

Èske genyen egzijans pou ka yo ki enplike separasyon travay ki te koz pa rezilta tès dwòg yo oswa tès alkòl yo?

Wi. Dwe genyen prèv pou pwouve oswa dezapwouve tout tès avèk rezilta li yo. Prèv yo dwe enkli règleman travay/oswa prensip yo. Lwa sou reglemantasyon egzamen sibstans kontwòle a (The Controlled Substance Examination Regulation Act, CSERA), N.C. Gen. Stat. 95 §§ 230-235, egzije ke tès yo konfòm avèk egzijans pwosedi a, amwenske tès la te administre pa Depatman Transpò Etazini an oswa Komisyon Reglemantasyon Nikleyè a. Yon anplwayè dwe etabli: (1) ke yon anplwayè te tès pozitif pou yon sibstans kontwòle; (2) Chèn de gad

de echantiyon depistaj dwòg la; (3) fyablite egzamen sibstans kontwòle a; epi (4) egzakteman kòman anplwayè a te vyole prensip anplwayè a. Olye de yon temwanyaj an dirèk de yon reprezantan laboratwa pandan yon odyans, yon affidavit de yon reprezantan laboratwa ki otorize kapab prezante pou pwouve rezilta egzamen sibstans kontwòle a, chèn detansyon avèk konfòmite tès avèk esè aplikab lalwa rekòmande. Yon rezilta pozitif de yon egzamen yon sibstans kontwòle konstitiye yon fot ki konekte avèk travay si yon anplwayè montre konfòmite avèk CSERA. Menm jan an, refi yon anplwayè pou konfòm avèk politik esè dwòg ki rezonabman epi kòrèkteman enpleman, san motif valab, konstitiye yon move kondwit. Rezilta egzamen sibstans kontwòle a avèk respè egzijans ki konfòm avèk estati oswa ki reglemantè kapab konsidere kòm pwouve si demandè a admèt li oswa deklare yo pandan odyans lan oswa pa affidavit. Gade N.C. Gen. Stat. § 96-14.6.

Èske mwen ta dwe kontinye fè depozisyon demann yo pou alokasyon jiskaske tout apèl te fin deside?

Wi. Si ou nan chomaj, ou ta dwe kontinye fè depozisyon sètifikasyon w yo chak semèn jiskaske tout apèl fin deside. Alokasyon yo p ap peye pandan semèn yo pa reklame yo. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-14.9 and 96-15(b)(2).

Ki kote mwen ka jwenn repons si mwen gen kesyon anvan odyans lan?

Ou kapab vizite seksyon "Kesyon ki Plis Poze yo" sou sitwèb DES la nan www.des.nc.gov, tit revizyon 4, chapit 24 nan Kòd Administratif Kawolin Dinò a sou entènèt, oswa kontakte Jij Apèl ki mansyone nan avi odyans ou an. Jij Apèl la p ap diskite sou sa ki nan ka ou an, ti pati istwa ou an, oswa sa rezilta a kapab ye. Chak pati dwe prezante pou diskisyon konsènan kontni ka a. Jij Apèl la kapab sèlman reponn kesyon konsènan pwosedi odyans lan. **Pran Nòt:** konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0209, Jij Apèl la pa kapab diskite ka a avèk okenn pati oswa temwen aprè konferans lan fini.

Ki kote mwen ka jwenn yon kopi Lwa Sekirite Travay la?

Lwa Sekirite travay la twouve nan chapit 96 de Lwa Jeneral Kawolin Dinò yo. Règ administratif yo kapab twouve nan Tit 4, chapit 24 Kòd Administratif Kawolin Dinò a. Ou kapab aksede avèk yon kopi lwa aplikab la sou sitwèb DES la nan www.des.nc.gov, Biwo-

Sant
Dapèl

NIMEWO KONTAK PRENSIPAL DES YO

Sèvis Kliyantè la (Demandè) - 888-737-0259

Sant Dapèl Anplwayè yo - 866-278-3822

Si rezolisyon w ap aple a site non avèk nimewo yon inite travay DES diferan, kontakte inite sa anvan w eseye jwenn enfòmasyon de Seksyon Apèl la.

Seksyon Apèl
Divizyon Sekirite Travay
Depatman Komès Kawolin Dinò
Post Office Box 25903
Raleigh, NC 27611-5903
Telefòn: 919-707-1060
Faks: 919-733-1228
Imel: des.public.appeals@nccommerce.com
Sitwèb: www.des.nc.gov



Publiye pa Depatman Komès Kawolin Dinò
Pou plis enfòmasyon vizite www.des.nc.gov
Fòmilè NCDES 568-E (Rev.. 4/2017)

Administratif Odyans lan nan www.oah.state.nc.us/rules, Oswa nan <http://reports.oah.state.nc.us/ncac.asp>.

LEVELS OF APPEALS - CLAIMS

